Nations Unies

Jëmuy suxalikuy Milleneer

Réew yi bokk ci Mbootaayu Xeet yi digoo nañu fii ak 2015 ,soottal : yii jëmu :

1.wàññi ndóol gi ak xiif gi

• Xaaj ñaar limu nit ñi amul benn dolaar bés bu nekk
• Xaaj ñaar limu aji xiif ji

WOLOF

2.Màtal njàngam tuut tànk yi ngir ñépp

• Fexe ba gune gu nekk ,góor ak jigéen mën matal njàngum tuut tànk yi.

3. Yemale góor ak jigéen,àggal jigéen ci mënal boppam

• **Fànq wute gi am diggante góor ak jigéen ci njàng mu ndaw meek mu diggi-dóomu mi fii ak 2005,ak ci njàng yépp,su mënee am balaa 2015.**

4.wàññi ndeetel gone yi

•**wàññi ñaari cër ci ñett dayob ndeetel gone yi amul 5 at.**

5. Yokk wér-gi-yarami ndey yi

•**wàññi ñetti xaaj ci ñeent dayob ndeetel ndey yi.**

6.Xeex Sidaa,Sibbiru ak yeneen wopp

• Dakkal lawug Sidaa,door ag waccam
• Tënk Sibbiru ak yeneen wopp yu mag,door seenag wacc.

7.Saxal kéew gu yàgg

• Sóoraale ponki suqali guy wéy ci tëralinu doxalinu Xeet yi ;delluloo ganaaw ni koomu kéew gi di tàqoo tey.

• **Xaaj ñaar xaaju nit ñi dul am ndoxum naan diir bu yàgg.**

• **Gën a baaxal,ci lu fés,dëkkuwaay yu bon yu gën jaa néew 100 miliyoŋi nit fii ak 2020.**

8.Tëral jëflante suqaliku ci àddina

•Wéy di tëral yoonu njënd ak njaay wu yaatu,wu tegu ci sàrt yu dul xaajaatle.Loolu dey fekk ag déggoo ci caytug yoon,ci suqali ak xeex ñaq,ci biir Réew ak diggante Réew yi.

• Song soxlay Réew yi fare gànnaar.Liy yeggale ci boobu jëmu moodi teggil seeni njaay juuti yi,te bañ leen yemaleel dayob njaay ma,woyafal bu baax

bori Réew yi ñàkk te bariy bor,baale bor yi Réew yi séq,jàppale Réew yi wone taxawaay bu dëgar ci xeex ñàkk ak ndimbal yu joge ci nguur yi

• Fajtal soxlay Réew yu pau yi walla Réew dun yiy wéy di màgg.

• Xool jafe-jafe bi aju ci bori Réew yiy wéy di màgg,jëlal ko ay matuwaay ci Réew yi ak diggante Réew yi ngir bor yi am njeriñ.

• And ak Réew yiy wéy di màgg wutal xale yi liggéey yu jaadu te am njeriñ.

• And ak isin yiy defar garab ngi
Garab yi bari,seen njëg wàññiku ci Réew yiy wéy di màgg.

• And ak ñiy liggéeyal seen bopp ,fexe ba ñépp mën a jeriñoo xarala yu yees yi ,rawati na yoy yëgle ak jokkoo yi.

• Ku bëgg yokk xam-xam ci naali suqalikuy milleneer bi na yëri « Road map towards the Implementation of the United Nations millunium declarations » (Xeloob yëngu ngir yéwénalag kàddug Milleneer gi).
Ci adarees bii :
w.w.w.un.org./millenniumgoals.